# IBM गोपनीयताक कथन

ई गोपनीयताक कथन 26 अगस्त, 2025 सँ प्रभावी अछि

हमरासभ सँ संपर्क करू →



## एहि गोपनीयताक कथन केँ अपडेट कएल गेल अछि।

पछिला संस्करण →

# परिचय

IBM मे हमसभ अहाँक गोपनीयता कैँ महत्व दैत छी आ अहाँक व्यक्तिगत जानकारी कैँ जिम्मेदारीपूर्वक सुरक्षित आ संसाधित करबाक लेल प्रतिबद्ध छी।

ई गोपनीयताक कथन एकर वर्णन करैत अछि जे IBM हमरासभक ग्राहक, व्यवसायिक पार्टनर, आपूर्तिकर्ता आ अन्य संगठन सभ, जकरा संग IBM केर व्यवसायिक संबंध अछि वा संबंध बनयबाक विचार करैत अछि, कैँ अंतर्गत उपभोक्ता आ अन्य व्यक्ति सभक विषय मे व्यक्तिगत जानकारी कोना एकत्रित करैत अछि, ओकर उपयोग करैत अछि आ ओकरा साझा करैत अछि। जतय कोनो सहायक कंपनी IBM कैँ संदर्भक बिना अपन निजी कथन प्रस्तुत करैत अछि ओकरा छोड़िकय ई IBM कॉर्पोरेशन आ IBM केर सहायक कंपनी सभ पर लागू होइत अछि।

जतय हमसभ व्यवसाय-सँ व्यवसाय प्रदाताक रूप मे कोनो ग्राहक कैँ प्रोडक्ट, सेवा वा एप्लीकेशन सभ प्रदान करैत छी, ओतय ग्राहक सेहो एहि प्रोडक्ट, सेवा वा एप्लीकेशन सभक उपयोग करैत काल व्यक्तिगत जानकारीक संग्रहण आ उपयोग लेल उत्तरदायी अछि। जाधरि अन्यथा वर्णित नहि कयल जाइत अछि, ई संग्रहण आ उपयोग ग्राहकक गोपनीयता नीति द्वारा कवर कयल जाइत अछि। अनुबंध प्रबंधनक कारण सँ ग्राहक संग हमरासभक अनुबंध एहि प्रोडक्ट, सेवा वा एप्लीकेशन सभक अधिकृत उपयोगकर्ता सभक विषय मे हमरासभ कैँ जानकारीक अनुरोध आ संग्रहण करबाक अनुमति प्रदान कय सकैत अछि। एहि स्थिति मे, ई गोपनीयताक कथन, वा पूरक गोपनीयता अधिसूचना, लागू होइत अछि।

पूरक गोपनीयता अधिसूचनाक उपयोग कय हमसभ अतिरिक्त डेटा गोपनीयता अधिसूचना प्रदान कय सकैत छी।

# व्यक्तिगत जानकारीक हमसभ संग्रह आ उपयोग करैत छी

ई खंड विभिन्न प्रकारक जानकारीक वर्णन करैत अछि जे हमसभ जानकारी कोना संग्रह करैत छी आ ओकर उपयोग कोना करैत छी।

एहि मे एहि सभ बिंदु पर जानकारी शामिल अछि अहाँक खाता, IBM वेबसाइट, IBM एप्लीकेशन, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा, मार्केटिंग, अनुबंधात्मक संबंध, सहायता सेवा, अहाँ आ IBM कैँ सुरक्षा करब, IBM स्थान, नियुक्ति आ पूर्व कर्मचारी, , हमरासभक व्यवसाय प्रक्रिया सभक संचालन करब, कुकीज आ सदृश प्रौद्योगिकी, आ बच्चासभ।.

जानकारी जकर हमसभ संग्रह आ उपयोग करैत छी ओहि मे प्रोफाइल जानकारी, वेबपेज सभ सँ पारस्परिक क्रिया, मार्केटिंग प्राथमिकता सभ, दुर्भावनापूर्ण गतिविधि सभक पता लगाबय लेल जानकारी, सहायता उद्देश्य सभ लेल हमरासभ संग अहाँक संवादक रिकॉर्डिंग वा प्रतिलेख, हमरासभक व्यवसायिक संचालन मे सुधार लेल जानकारी आ आओर बहुत किछु शामिल भए सकैत अछि।

---

### अहाँक खाता

अहाँ एकटा IBMid बनाकय IBM मे एकटा खाता बना सकैत छी। IBMid IBM कैँ अहाँक नाम, ईमेल पता, डाक पता, आ संबंधित जानकारी प्रदान करैत अछि जे अहां प्रदान कय सकैत छी। किछु खास सेवा सभ लेल हमरासभ कैँ एकटा IBMid कैँ जरूरत भए सकैत अछि, जेना कि IBM एप्लीकेशन, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवासभक उपयोग।.

हमसभ व्यवसायिक संपर्क जानकारी जे अहाँ हमरासभ कैँ प्रदान करैत छी वा जे हमसभ अहाँक संगठन, हमरासभक व्यवसायिक पार्टनर वा हमरासभक आपूर्तिकर्ता सभ सँ एकत्रित करैत छी ओहि सँ अहाँक विवरण सभ सेहो एकत्र कय सकैत छी।

आओर जानू

जखन अहाँ हमरासभक वेबसाइट धरि पहुँच प्राप्त करैत छी, कोनो अनुरोध वा ऑर्डर करैत छी वा कोनो प्रोडक्ट वा सेवाक उपयोग करैत छी तखन IBMid अहाँके विशिष्ट रूप सँ पहिचानैत अछि। यदि अहाँ कोनो IBMid सँ हमरासभक वेबसाइट सभ मे लॉगइन करैत छी तखन हमसभ जे जानकारी अहाँक खाता सँ एकत्रित करैत छी ओकरा लिंक कय सकैत छी। IBMid केँ उपयोग अहाँके [एप्लीकेशन, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा]() सभ धरि पहुँच प्रदान करबाक लेल सेहो कयल जाइत अछि आ अहाँके अपन अनुबंध आ बिलिंग इतिहास केँ प्रबंधित करबाक सुविधा दैत अछि। अहाँक IBMid मे ईमेल पता केर उपयोग कोनो सेवा सभ जकर अहाँ सावधिक ग्राहकी लैत छी ओहि संबंध मे अहाँ सँ संपर्क करबाक लेल कयल जा सकैत अछि।

व्यवसायिक संपर्क जानकारी आम तौर पर एहन जानकारी अछि जे अहाँके व्यवसायिक कार्ड पर भेटत, जेना कि नाम आ व्यवसायिक संपर्क विवरण सभ। हमसभ एहि जानकारीक उपयोग व्यवसायिक संदर्भ मे अहाँ सँ संपर्क वा संवाद करबाक लेल करैत छी। यदि हमसभ कोनो तेसर पक्ष, जेना कि कोनो IBM बिजनेस पार्टनर वा आपूर्तिकर्ता, सँ व्यवसायिक संपर्क केर जानकारी प्राप्त करैत छी, तखन हमसभ एकर पुष्टि करब जे जानकारी यथोचित रूप सँ साझा कयल गेल छल।

हमसभ अहाँक व्यवसायिक संपर्क जानकारी केँ अन्य व्यवसाय-प्रासंगिक जानकारी, जेना कि अहाँक व्यवसायिक शिक्षाक विषय मे जानकारी, कौशल, कार्य अनुभव वा अन्य सार्वजनिक रूप सँ उपलब्ध जानकारी, जेना कि व्यवसाय-संबंधी ब्लॉग, प्रकाशन, नौकरीक भूमिका आ प्रमाणपत्र सभ, सँ सेहो जोड़ि सकैत छी। IBM केर व्यवसायक कोनो भाग मे अहाँ संग हमरासभक बातचीत केँ अनुकूलित करबाक लेल एहि जानकारीक उपयोग कयल जा सकैत अछि, उदाहरणार्थ बिक्री प्रक्रिया लेल, अहाँ संग संबंध कायम रखबाक लेल आ अनुबंधक बादक संबंध लेल।

यदि अहाँक खाता एकटा ईमेल पता केँ उपयोग कय बनाओल गेल अछि जाहि मे कोनो संगठनक स्वामित्व वला डोमेन शामिल अछि जकरा द्वारा अहाँ नियोजित छी, अनुबंधित छी वा जकर स्वयंसेवक छी, तखन अहाँक संगठन ई सभ कय सकैत अछि:

- अहाँक खाताक स्थितिक विषय मे पूछताछ कय सकैत अछि,
- अहाँक खाता सेटिंग सभक अनुरोध कय सकैत अछि (अहाँक व्यक्तिगत जानकारी सहित), आओर,
- एकर विकल्प पर, एकरा एकटा इंटरप्राइज ID मे बदलि सकैत अछि।

यदि अहाँक खाता एकटा इंटरप्राइज ID कैं रूप मे बनाओल गेल छल, वा परिवर्तित कय देल गेल छल, तखन अहाँक संगठन अहाँक खाता जानकारीक प्रबंधन करैत अछि। ई अहाँक ID लेल एकटा प्रमाणीकरण एजेंसी सेहो अछि, एकर मतलब अछि जे अहाँक पहुँच अहाँक संगठनक लॉगइन सेवा द्वारा नियंत्रित कयल जाइत अछि।

यदि अहाँक IBMid कोनों इंटरप्राइज फेडरेशन पार्टनर (पहिचान प्रदाता) केर माध्यम सँ बनाओल गेल अछि, तखन मूलभूत व्यक्तिगत जानकारी पहिचान पार्टनर सँ एकत्रित कयल जाइत अछि आ IBM संग साझा कयल जाइत अछि।

### IBM वेबसाइट सभ

हमरासभक वेबसाइट सभ हमरासभक विषय मे, हमरासभक प्रोडक्ट आ सेवा सभक विषय मे अहाँ सँ संवाद करबाक तरीका प्रस्तुत करैत अछि। जानकारी जे हमसभ वेबसाइट सभ पर एकत्रित करैत छी ओकर उपयोग अहाँके वेबसाइट धरि पहुँच प्रदान करबा लेल, वेबसाइट कैं संचालित करबाक लेल, अहाँक अनुभव बढाबय लेल आ अहाँके जानकारी प्रदान करबाक तरीका कैं वैयक्तिकृत करबा लेल कयल जाइत अछि। यदि अहाँ कोनो खाता सँ लॉगिन कयने बिना हमरासभक वेबसाइट देखैत छी, तखन सेहो हमसभ जानकारी एकत्रित कय सकैत छी जे अहाँक वेबसाइट भ्रमण सँ जुड़ल रहैत अछि।

हमसभ वेबसाइट जानकारी एकत्रित करबाक लेल जे प्रौद्योगिकी केर उपयोग करैत छी, ओहि विषय मे आओर जानकारीक लेल आ अपन प्राथमिकता सेट करबाक लेल, कूकीज एंड सिमिलर टेक्नोलोजीज.

आओर जानू

अहाँ द्वारा हमरासभक वेबसाइट केर उपयोगक विषय मे हमसभ किछु जानकारी एकत्रित करैत छी, जेना कि:

- वेबपेज सभ जे अहाँ देखैत छी,
- अहाँ पेज सभ पर जतेक समय बिताबैत छी,
- वेबसाइट URL जे अहाँके हमरासभक पेज केर विषय में संदर्भित कयलक,
- अहाँक IP पता सँ प्राप्त अहाँक भौगोलिक जानकारी,

- आ कोनो हाइपरलिंक सभ जकर अहाँ चयन करैत छी।

हमरासभक वेबसाइट पर अहाँक अनुभव में सुधार आ ओकरा वैयक्तिकृत करबा में हमसभ एहि जानकारीक उपयोग करैत छी, अहाँके ओ सामग्री प्रदान करैत छी जाहि में अहाँक रूचि अछि, मार्केटिंग अंतर्दृष्टि निर्मित करैत छी, आ अपन वेबसाइट मे सुधार लेल, ऑनलाइन सेवा सभ आ संबंधित प्राद्यौगिकी।

हमसभ ओ जानकारी सेहो एकत्रित करैत छी जे अहाँक ब्राउजर वा डिवाइस स्वतः पठबैत अछि, जेना कि:

- अहाँक ब्राउजरकेर प्रकार आ IP पता,
- ऑपरेटिंग सिस्टम, डिवाइस प्रकार आ संस्करणक जानकारी,
- भाषा सेटिंग्स,
- क्रैश लॉग सभ,
- IBMid जानकारी (यदि साइन इन कयल गेल अछि),
- आ पासवर्ड।

हमसभ अहाँके अपन वेबपेज सभक पहुँच प्रदान करबाक लेल एहि जानकारीक उपयोग करैत छी, अहाँक डिवाइस आ ब्राउजर पर वेबपेज दृश्यमे सुधार करैत छी, अहाँक सेटिंग्स आ भाषाक अनुरूप ढलैत छी आ प्रासंगिकताक लेल सामग्री कैँ अनुकूल करैत छी वा अहाँक देश लेल कोनो कानूनी आवश्यकताक कैँ पूर्ण करैत छी। सिस्टम आ नेटवर्क सुरक्षा आवश्यकताक अनुपालन आ सहायता प्रदान करबाक लेल सेहो हमसभ एहि जानकारीक उपयोग करैत छी। आओर अधिक जानकारीक लेल देखू, सहायता सेवा सभ आओर अहाँ आ IBM कैँ सुरक्षा प्रदान करब।.

हमसभ प्लेटफॉर्म आ फोरम सेहो प्रदान करैत छी जे ऑनलाइन साझा करब, सहायता करब आ पंजीकृत सदस्य सभक बीच सहयोग सुलभ करैत अछि। कोनो जानकारी जे अहाँ एहि प्लेटफॉर्म पर प्रस्तुत करैत छी ओ इंटरनेट पर अन्य लोक सभ कैँ उपलब्ध कराओल जायत वा हमरासभ द्वारा हटाओल जायत, जेना कि प्लेटफॉर्म गोपनीयता सूचना वा शर्त सभ। हमसभ कोनो सामग्री जे हमरासभक प्रोडक्ट वा सेवा सभक अहाँ द्वारा उपयोग केर माध्यम सँ उपलब्ध कराओल गेल अछि ओहि लेल उत्तरदायी नहि छी।

ट्रेंडिंग विषय सभ आ सामान्य बाजार ज्ञान केर अंतर्दृष्टि प्राप्त करबाक लेल हमसभ अपन वेबसाइट केर उपयोग पर रिपोर्ट तैयार करैत छी। ई रिपोर्ट सभ, विस्तृत विवरण जे उपयोगकर्ता सभ तेसर पक्षक प्रोडक्ट वा सेवा सभ जे हमरासभक वेबसाइट पर प्रस्तुत कयल गेल छल ओहि संग कोना परस्पर संपर्क कयलथि वा रूचि प्रदर्शित कयलथि ओकर संग तेसर पक्ष कैँ प्रदान कयल जा सकैत अछि।

हमसभ तेसर पक्षक वेबसाइट वा एप्लीकेशन सभ द्वारा प्रदान कयल गेल सामग्री वा गोपनीयता अभ्यास लेल कोनो उत्तरदायित्व स्वीकार नहि करैत छी।

## IBM एप्लीकेशन, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा सभ

हमरासभक क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा सभ मे “सेवाक-रूप-मे” आ डेस्कटॉप एप्लीकेशन, मोबाइल एप्लीकेशन (वा एप सभ), आ IBM शिक्षण-सेवा सम्मिलित अछि। एहि सेवा सभक उपयोग केर विषय मे हमसभ जानकारी एकत्र करैत छी, जेना कि पेज सभ जे अहाँ देखैत छी वा पेज पर अहाँक पारस्परिक संपर्क, अपन सेवा सभ मे सुधार आ विकास लेल आ तकनीकी आ बाजार अंतर्दृष्टि प्राप्त करबाक लेल। हमरासभक क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा सभक उपयोग लेल हमरासभ कैँ एकटा IBMid कैँ जरूरत भए सकैत अछि। (देखूं अहाँक खाता).

आओर जानू

हमरासभक क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा सभक जानकारी जे हमसभ एकत्र करैत छी ओहि मे ई सभ सम्मिलित भए सकैत अछि:

- पेज सभ जे अहाँ देखैत छी,
- सेवाक अंतर्गत अहाँक सेटिंग सभ,
- अहाँक ब्राउजरक प्रकार आ IP पता,
- ऑपरेटिंग सिस्टम, डिवाइस प्रकार आ संस्करणक जानकारी,
- क्रैश लॉग सभ,
- IBMid जानकारी (यदि साइन इन कयल गेल अछि),
- आ पासवर्ड।

सेवा कैँ संचालित करबाक लेल, सहायता लेल, सेवाक अहाँक अनुभव में सुधार आ ओकरा वैयक्तिकृत करबाक लेल, अन्य सेवा आ तकनीक सभ कैँ विकसित करबाक लेल आ तकनीकी आ बाजार अंतर्दृष्टि लेल अहाँके पहुँच प्राप्त करबाक लेल ई जानकारी एकत्रित कयल जाइत अछि। प्राद्योगिकी सभ, जकर उपयोग हमसभ वेबसाइट केर जानकारी एकत्रित करबाक लेल करैत छी, ओहि विषय मे आओर जानकारीक लेल आ अपन प्राथमिकता सेट करबाक लेल, कूकीज एंड सिमिलर टेकनोलॉजीजदेखू।.

एकटा सार्वजनिक क्लाउड प्रदाताक रूप मे, IBM अनुबंधक अंतर्गत संसाधित व्यक्तिगत जानकारीक उपयोग व्यक्त सहमति केर बिना मार्केटिंग आ विज्ञापन

उद्देश्य सभ लेल नहि करैत अछि।

मोबाइल एप्लीकेशन गोपनीयता सूचना एप द्वारा एकत्रित कयल गेल जानकारीक विषय मे विस्तृत विवरण प्रदान कए सकैत अछि, जेना कि भू-स्थान जानकारी वा कोनो डिवाइसक विशिष्ट उपयोगकर्ता-ID। विशिष्ट उपयोगकर्ता-ID सभक उपयोग सर्वर सभ सँ जोड़बाक लेल आ एप सभक आर-पार डिवाइसक उपयोग सँ जोड़बाक लेल कयल जाइत अछि। एप केर फंक्शन अनुरूप, सेटिंग्स मेनू कैँ उपयोग कए वा अपन उपयोगकर्ता प्रोफाइल मे अहाँ अपन गोपनीयता सेटिंग्स कैँ अनुकूलित कए सकैत छी|

IBM प्रशिक्षण शिक्षा सेवा सभ प्रदान करैत अछि आ अहाँके परिचय-पत्र, प्रमाणपत्र, वा आवश्यकता पड़ला पर अतिरिक्त जानकारी प्रदान करबा में सक्षम होयबाक लेल पाठ्यक्रम समापन पर जानकारी एकत्रित करैत अछि।

हमसभ तेसर पक्षक वेबसाइट वा एप्लीकेशन सभ द्वारा प्रदान कयल गेल सामग्री वा गोपनीयता अभ्यास लेल कोनो उत्तरदायित्व स्वीकार नहि करैत छी।



## मार्केटिंग

अहाँक प्राथमिकताक अधीन, हमसभ जानकारीक उपयोग करैत छी जे प्रासंगिक प्रोडक्ट, सेवा आ प्रस्ताव केर विषय मे अहाँ संग संवाद करबाक लेल हमसभ एकत्रित करैत छी। हमसभ अपन सामग्री आ विज्ञापन सभ सँ अहाँक ऑनलाइन अनुभव कैँ वैयक्तिकृत करबाक लेल आ आंतरिक मार्केटिंग आ व्यापार इंटेलीजेंस विकसित करबाक लेल सेहो एहि जानकारीक उपयोग करैत छी। ईमेल, फोन वा डाक, IBM गोपनीयता प्राथमिकता केंद्रपर. भ्रमण द्वारा मार्केटिंग संवाद केर संदर्भ मे अहाँक प्राथमिकता सेट करबाक लेल वा अपडेट करबाक लेल। अहाँ एकटाबहिर्गमन-विकल्पक अनुरोध, सेहो प्रस्तुत कय सकैत छी वा प्रत्येक मार्केटिंग ईमेल कैँ नीचा **सावधिक ग्राहकी हटयबाक** चयन कए सकैत छी। अहाँक विषय में जानकारी जे हमसभ अपन वेबसाइट पर एकत्रित करैत छी ओहि संबंध में समीक्षा करबाक लेल वा अपन प्राथमिकता सेट करबाक लेल, वेबसाइट फूटर में **कूकी प्राथमिकता** केर चयन करू।

आओर जानू

हमसभ जे जानकारी एकत्र करैत छी ओकरउपयोग हमसभ मार्केटिंग उद्देश्य सभ लेल करैत छी। एहि मे ई सभ जानकारी शामिल भए सकैत अछि:

- IBM सँ अहाँक पारस्परिक संपर्क केर माध्यम सँ अहाँ सँ प्रत्यक्ष रूप सँ एकत्रित कयल गेल जानकारी जेना कि कार्यक्रम सभ मे उपस्थिति वा ऑनलाइन पंजीकरण फॉर्म केर प्रस्तुतिकरण।
- तेसर-पक्षक डेटा प्रदाता सभ सँ प्राप्त कयल गेल, नियंत्रणक अधीन एकर पुष्टि करैत जे हमरासभक मार्केटिंग संवाद सभ मे उपयोग लेल तेसर पक्ष कानूनी रूप सँ जानकारी अधिग्रहीत कयलक अछि आ ओकरा IBM कैँ जानकारी प्रदान करबाक अधिकार अछि।
- हमरासभक वेबसाइट पर IBM ईमेल आ सामग्री सभ सँ अहाँक पारस्परिक संपर्क सँ एकत्रित कयल गेल जानकारी, तेसर-पक्षक साइट सभ पर उपलब्ध सामग्री समेत। प्राद्योगिकी सभ पर आओर अधिक जानकारी लेल जकर हमसभ एहि जानकारी कैँ एकत्रित करबाक लेल उपयोग करैत छी, कूकीज एंड सिमिलर टेक्नोलॉजीज देखू।.

अहाँक प्राथमिकताक अंत्रात, IBM प्रोडक्ट, सेवा आ प्रस्ताव सभक संबंध मे अहाँ लेल मार्केटिंग करबाक लेल हमसभ एहि जानकारीक उपयोग कय सकैत छी। उदाहरणार्थ, हमसभ ई सभ कार्य कए सकैत छी:

- ईमेल, टेलीफोन वा डाक मेल कैँ उपयोग कए अहाँ सँ संपर्क
- IBM प्रोडक्ट आ सेवा सभ सँ अपन अनुभव कैँ वैयक्तिकृत करू, जेना कि आओर अधिक प्रासंगिक जानकारी साझा करब वा हमरासभक वेबसाइट सभ पर पंजीकरण फॉर्म कैँ पूर्व-भरन।
- तेसर-पक्षक वेबसाइट सभ पर लक्षित IBM विज्ञापन सभ वितरित करू, IBM वेबसाइट, हमरासभक सामग्री, ईमेल वा चुनिंदा भौगोलिक क्षेत्र में, अहाँक हैश कयल गेल ईमेल पता सँ लिंक कयल गेल गतिविधि सँ अहाँक पारस्परिक संपर्क केर विषय मे हमरासभ वा अधिकृत तेसर पक्ष द्वारा एकत्रित जानकारीक आधार पर।

अहाँक ईमेल पता, फोन वा डाक पता कैँ उपयोग कय मार्केटिंग गतिविधिक संदर्भ मे अपन प्राथमिकता सेट वा अपडेट करू IBM Privacy Preference Centerदेखू।. अहाँ एकटा बहिर्गमन-विकल्पक अनुरोध, सेहो प्रस्तुत कए सकैत छी वा प्रत्येक मार्केटिंग ईमेल कैँ नीचा **सावधिक ग्राहकी हटयबाक** चयन कए सकैत छी।

वैयक्तिकरण वा लक्षित विज्ञापन लेल अपन हैश कयल ईमेल केर उपयोग सँ बाहर निकलबाक लेल, एहि में सँ कोनो एकटा विकल्पक उपयोग कए अहाँ

अपन ईमेल सहमति वापिस ल'सकैत छी।

अहाँक विषय में जानकारी जे हमसभ अपन वेबसाइट पर एकत्रित करैत छी ओहि संबंध में समीक्षा करबाक लेल वा अपन प्राथमिकता सेट करबाक लेल, वेबसाइट फूटर में **कूकी प्राथमिकताक** चयन करू।

मार्केटिंग आ व्यवसाय व्यापार इंटेलीजेंस लेल हमसभ एहि जानकारीक उपयोग सेहो करैत छी, जे हमरासभक व्यवसाय संचालन लेल आवश्यक अछि। उदाहरणार्थ, हमसभ ई सभ कए सकैत छी:

- अपन हित आ संभावित व्यावसायिक आवश्यकता कैँ नीक जेकाँ बुझबाक लेल जानकारी जे हमसभ एकत्रित करैत छी ओकरा मिलाउ।
- हमरासभक मार्केटिंग अभियान आ कार्यक्रम सभक प्रभावशीलताक मूल्यांकन लेल आ सूचित व्यावसायिक निर्णय आ निवेश हेतु आगू बढबाक लेल एकत्रित डेटाक उपयोग करू।
- सकल जानकारी जे IBM वेबसाइट दर्शकक विषय में मार्केटिंग दर्शक सभक विकास आ मॉडलिंग केर उद्देश्य लेल एकत्रित कयल जाइत अछि।



## अनुबंधात्मक संबंध

जखन अहाँ हमरासभ सँ कोनो परीक्षण वा प्रोडक्ट वा सेवाक प्राप्ति लेलआदेश दैत छी तखन एकटा अनुबंधात्मक संबंधक गठन होइत अछि। जखन कि हमसभ मुख्य रूप सँ अपन प्रोडक्ट आ सेवा सभ व्यवसायी कैँ प्रदान करैत छी, कोनो व्यक्ति सेहो हमरासभ संग सोझे एकटा ग्राहक कैँ रूप मे अनुबंध मे शामिल भए सकैत छथि। हमसभ कोनो जानकारी एकत्रित कय सकैत छी जे अनुबंध समझौता तैयार करबाक लेल, एहि मे शामिल होयबाक लेल आ एकरा पूरा करबाक लेल यथोचित रूप सँ आवश्यक होमए ।

आओर जानू

अनुबंधात्मक सबंध में संग्रहित कोनोजानकारी मे अनुरोधकर्ताक व्यवसाय संपर्क जानकारी, एकटा IBMid आ ऑर्डर विवरण सभ शामिल भए सकैत

अछि। जानकारी जे शिपमेंट आ भुगतान, सेवा सभक क्रियान्वयन वा प्रोडक्ट वा सेवा सेवा धरि पहुँच प्रदान करबाक लेल आवश्यक होइत अछि, ओ सभ सेहो संग्रहित कयल जा सकैत अछि।

प्रोडक्ट वा सेवा सभक प्रकृतिकेर अनुरूप, विभिन्न उद्देश्य सभ लेल एहि जानकारीक संग्रहण कयल जा सकैत अछि, उदाहरणार्थ, अनुबंधात्मक प्रबंधन आ अनुपालन लेल, सहायता प्रदान करबाक लेल, हमरासभक प्रोडक्ट आ सेवा सभक सुधार वा विकास लेल, ग्राहक संतुष्टि सर्वेक्षण लेल अहाँ सँ संपर्क करबाक लेल आ तकनीकी आ बाजार अंतर्दृष्टि निर्मित करबाक लेल। आओर अधिक जानकारीक लेल IBM एप्लीकेशन, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा सभदेखू।.

---

अनुबंधात्मक संबंध में संग्रहित कयल गेल कोनोजानकारीक प्रक्रिया सँ पहिने सहमति प्राप्त कयने बिना मार्केटिंग आ विज्ञापनक उदेश्य सभ लेल एकर उपयोग नहि कयल जाइत अछि।

---

## सहायता सेवा सभ

जखन अहाँ सहायताक अनुरोध करए लेल हमरासभ सँ संपर्क करैत छी, हमसभ अहाँक संपर्क जानकारी, समस्याक विवरण आ संभावित समाधान सभ संग्रह करैत छी। हमसभ जानकारी जे समर्थन क्वेरी कैँ संभालय लेल प्रदान कयल गेल अछि,ओकरा प्रशासनिक उद्देश्य सभ लेल, अहाँक संग हमरासभक संबंध कैँ बढावा देबाक लेल, कर्मचारी प्रशिक्षण लेल आ गुणवत्ता आश्वासन उद्देश्य सभ लेल रिकॉर्ड करैत छी।

---

आओर जानू

जखन अहाँ सहायताक अनुरोध करए लेल हमरासभ सँ संपर्क करैत छी, लाइवचैट माध्यम समेत, तखन हमसभ अहाँक संपर्क जानकारी, समस्याक विवरण आ संभावित समाधान संग्रहित करैत छी। एहि में हमरासभ संग अहाँक बातचीत केर रिकॉर्डिंग वा प्रतिलिपि शामिल भए सकैत अछि। हमसभ एहि

जानकारीक उपयोग अहाँ केँ प्रोडक्ट वा सेवा सभक सूचना देबाक लेल कए सकैत छी जे कि अहाँक सहायता अनुरोध सँ संबंधित होअए। एहि में प्रोडक्ट अपडेट वा निदान सम्मिलित भए सकैत अछि आ हमसभ जानकारी केँ मिला सकैत छी, जे अहाँ वा अहाँक संगठन संग अन्य पारस्परिक संपर्क केर माध्यम सँ प्रोडक्ट समर्थन केर संबंध मे आओर महत्वपूर्ण सुझाव सभ प्रदान करबाक लेल संग्रहित कयल जाइत अछि, जेना कि समस्याक संबंध मे उपलब्ध कोनो प्रशिक्षण।

जखन कि हमसभ सहायता प्रकरण केँ देखैत छी, हमरासभ लग जानकारीक आकस्मिक पहुँच भए सकैत अछि जे अहाँ प्रदान कयने छी वा जानकारी जे अहाँक सिस्टम पर अछि। एहि जानकारी में अहाँक विषय में, अहाँक संगठनक कर्मचारी, ग्राहक वा अन्य संबद्धित पार्टी सभक जानकारी सम्मिलित भए सकैत अछि। एहि जानकारीक देखरेख आ एकर प्रक्रियाक संबंध मे शर्त सभ उपयोगक लागू शर्त सभ वा अहाँक संगठन आ IBM केँ बीच अन्य अनुबंध द्वारा कवर कयल जाइत अछि, जेना कि डायग्नोस्टिक डेटाक आदान-प्रदान लेल उपयोगक शर्त सभ।

## अहाँ आ IBM केँ सुरक्षा प्रदान करब

IT सुरक्षा जोखिम सँ अहाँक आ IBM केँ रक्षा प्रदान करबाक लेल हमसभ जानकारीक उपयोग आ संग्रह कए सकैत छी,अनधिकृत पहुंच, प्रकटीकरण, परिवर्तन वा विनाश सँ हमरासभक लग-पास मे मौजूद जानकारी केँ सुरक्षित करबाक लेल। एहि में हमरासभक IT पहुँच प्राधिकरण सिस्टम केर जानकारी सम्मिलित अछि, जेना कि लॉगिन जानकारी।

आओर जानू

सुरक्षा समाधान जकर हमसभ अहाँक जानकारी केँ रक्षा करबा में उपयोग करैत छी, हमरासभक आधारभूत संरचना आ हमरासभक नेटवर्क जानकारी एकत्र कए सकैत अछि जेना कि IP पता आ लॉग फाइल सभ। सुरक्षा

कार्यक्रमक कार्यक्षमता आ उपयोगिता लेल कोनो संभावित सुरक्षा घटनाक जाँच केँ सक्षम करब आ सुरक्षा जोखिम पर अंतर्दृष्टि उत्पन्न करब आवश्यक अछि।

हमसभ पहुँच बिंदु सभ पर आ एहि में जानकारी एकत्र करबाक लेल विशिष्ट टूलिंग आ अन्य तकनीकी माध्यमक उपयोग कए सकैत छी, अनाधिकृत पहुँच, वायरस आ दुर्भावनापूर्ण गतिविधिक संकेत सभक पता लगाबय लेल IT सिस्टम आ नेटवर्क केँ उपयोग कए सकैत छी। जखन अनाधिकृत पहुँच, मैलवेयर वा दुर्भावनापूर्ण गतिविधि सभक संदेह होइत अछि तखन दुर्भावनापूर्ण कोड वा सामग्री केँ हटाबय वा अलग करबाक लेल जानकारी जे हमसभ एकत्र करैत छी ओकर उपयोग जाँच करबाक लेल कयल जा सकैत अछि।

### IBM लोकेशन सभ

जखन अहाँ कोनो IBM लोकेशन पर जाइत छी, तखन हमसभ अहाँक नाम वा व्यवसाय संपर्क जानकारी (अपन खाता देखू), आ, किछु स्थिति मे, सरकार द्वारा निर्गत ID सँ जानकारी एकत्रित करैत छी। ई जानकारी पहुँच प्रबंधन लेल आ हमरासभक लोकेशन आ कर्मचारी सभक हित आ सुरक्षा लेल एकत्रित कयल जाइत अछि।

आओर जानू

जानकारी जे हमरासभक लोकेशन पर एकत्रित कयल जाइत अछि ओकर उपयोग पहुँच बैज निर्गत करबाक लेल कयल जाइत अछि। जतय कानूनी रूप सँ अनुमति अछि ओतय हमसभ आगंतुक केर पहिचान सत्यापित कय सकैत छी आ, साइट पर काज करयवला आपूर्तिकर्ता कर्मी सभ लेल, पहिचान उद्देश्य लेल फोटो पहिचानयुक्त एकटा बैज केर अनुरोध कयल जा सकैत अछि।

हमरासभक लोकेशन, कर्मचारी आ संपत्ति सभक सुरक्षाक कारणेँ कैमरा पर्यवेक्षण आ पहुँच प्रबंधनक उपयोग कयल जाइत अछि। IBM लोकेशनक विषयपर आओर बेसी जानकारी उपलब्ध भए सकैत अछि।

## नियुक्ति आ पूर्व कर्मचारी सभ

हमसभ अपन संगठन लेल निरंतर नव प्रतिभाक खोज कए रहल छीआ हमसभ विभिन्न स्रोत सभ सँ नौकरीक आवेदक वा संभावित उम्मीदवार सभक विषय मे जानकारी एकत्र करैत छी। अधिक जानकारीक लेल आवेदक सभ केँ Talent Acquisition Privacy Noticeपर संदर्भित कयल जाइत अछि। जखन कोनो कर्मचारी IBM छोड़ैत छथि, तखन हमसभ कोनो शेष व्यवसाय, अनुबंधात्मक, रोजगार, कानूनी आ वित्तीय उद्देश्य सभ लेल जानकारीक प्रक्रिया जे हुनका सभ सँ संबंधित अछि ओ जारी रखैत छी, जाहि मे IBM द्वारा नियंत्रित सीमा धरि पेंशन केर प्रबंधन सेहो सम्मिलित अछि।

आओर जानू

नियुक्तिक संबंध में, हमसभ नियुक्ति मध्यस्थ सभक मदति सँ संभावित उम्मीदवार सभक खोज कए सकैत छी आ कोनो विशिष्ट कार्य लेल संभावित उम्मीदवार सभक पहिचान लेल सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म पर सार्वजनिक रूप सँ उपलब्ध जानकारीक उपयोग कए सकैत छी।

जखन कोनो कर्मचारी IBM छोड़ैत छथि, तखन हमसभ IBM मे पूर्व कर्मचारी सँ हुनक नौकरीक विषय मे मूलभूत जानकारी केँ सम्हारि कए राखैत छी।

कोनो कर्मचारीक सेवानिवृत्तिक बाद, हमसभ सेवानिवृत्त कर्मचारीक विषय मे सेवानिवृत्त व्यक्तिक प्रति पेंशन दायित्वक पूर्ति लेल जानकारीक प्रक्रिया संपन्न करैत छी। पेंशन जानकारीक प्रक्रियाक विषय मे जानकारी, वा अन्य

सेवानिवृत्ति कार्यक्रम, पेंशन लेल उत्तरदायी स्थानीय संस्था सँ प्राप्त कयल जा सकैत अछि। किछु देश में, ई एकटा स्वतंत्र संस्था भए सकैत अछि। किछु स्थिति में, सेवानिवृत्त व्यक्ति IBM-आयोजित पहल वा कार्यक्रम में एखनो भाग लय सकैत छथि, जेना कि स्वयंसेवी आ सामाजिक जिम्मेदारी कार्यक्रम। एहन भागीदारी स्वैच्छिक होइत अछि, आ एहि संबंध मे बेसी जानकारी प्रासंगिक वेबसाइट सभ पर वा ओहन पहल सभक सूचना पेज पर प्रदान कयल जाइत अछि।

## हमरासभक व्यवसाय संचालन सभक परिचालन

हमसभ अपन व्यवसाय संचालन, सिस्टम आ प्रक्रिया सभक सुधार लेल जानकारी एकत्र करैत छी आ ओकर उपयोग करैत छी। उदाहरणार्थ, जानकारीक उपयोग हमरासभक संचालनक परिचालन, रखरखाव, ऑडिट आ अनुकूलन, संपत्ति आ कर्मचारी सभक सुरक्षा, प्रोडक्ट विकास आ अपन अधिकारक रक्षा लेल कयल जा सकैत अछि।

आओर जानू

संगठन, व्यवसाय, प्रदर्शन, ऑडिट आ रुझान सभ पर रिपोर्ट करबाक विषय में सूचित निर्णय लेबाक लेल हमसभ अपन व्यवसाय संचालन केर विषय में जानकारी एकत्रित करैत छी। उदाहरणार्थ, हमसभ अपन परिचालनक लागत आ गुणवत्ताक विश्लेषण लेल एहि जानकारीक उपयोग करैत छी। जतय संभव अछि, सकल जानकारीक उपयोग कय ई कयल जा सकैत अछि, मुदा व्यक्तिगत जानकारीक उपयोग भए सकैत अछि।

हमसभ अपन व्यवसाय प्रणाली, जाहि में व्यक्तिगत जानकारी शामिल भए सकैत अछि, सँ जानकारी एकत्र करैत छी आ ओकर उपयोग करैत छी,:

- अपन अधिकारक रक्षा करू आ ओकरा लागू करू, जाहि मे धोखाधड़ीक पता लगायब वा अन्य आपराधिक गतिविधि सम्मिलित अछि (उदाहरणार्थ, भुगतान प्रणाली मे जानकारीक उपयोग द्वारा)
- विवादक निपटारा आ समाधान करब
- शिकायत सभक उत्तर देब आ कानूनी कार्यवाही मे IBM केर बचाव करब
- आ देश सभ जतय हमसभ व्यवसाय करैत छी ओहि में कानूनी दायित्व सभक पालन करब

अपन व्यवसायिक प्रक्रिया, वेबसाइट, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा, प्रोडक्ट आ तकनीक सभक उपयोग सँ हमसभ जानकारी एकत्र करैत छी। एहि जानकारी मे व्यक्तिगत जानकारी सम्मिलित भए सकैत अछि आ प्रोडक्ट आ प्रक्रिया विकसित करबाक लेल उपयोग कयल जाइत अछि। उदाहरणार्थ , हमसभ एहि जानकारीक उपयोग स्वचालित प्रक्रिया आ टूल सभ विकसित कए कार्यक्षमता बढाबय लेल, लागत घटाबय लेल वा सेवा सभ में सुधार लेल वा ओहि तकनीक सभ कैँ विकसित करब वा सुधारब जाहि पर ई आधारित अछि ताहि लेल कए सकैत छी।

## कूकीज एंड सिमिलर टेक्नोलोजीज

जखन अहाँ हमरासभक वेबसाइट, क्लाउड आ ऑनलाइन सेवा, सॉफ्टवेयर प्रोडक्ट सभ देखैत छी, वा किछु निश्चित तेसर-पक्षक वेबसाइट सभ पर हमरासभक सामग्री देखैत छी, हमसभ विभिन्न ऑनलाइन ट्रैकिंग तकनीक, जेना कि कूकीज, वेब बीकन, स्थानीय भंडारण वा HTML5 केर उपयोग द्वारा अहाँक कनेक्शन आ अहाँक गतिविधिक संबंध मे जानकारी एकत्र करैत छी। जानकारी जे एहि तकनीक सभ द्वारा एकत्र कयल जाइत अछि ओ वेबसाइट वा सेवा कैँ संचालित करबाक लेल, प्रदर्शन मे सुधार लेल, हमरासभक ऑनलाइन सेवा सभक कोना उपयोग कयल जाइत अछि ई बुझबा मे हमरासभक मदति करबाक लेल, वा हमरासभक उपयोगकर्ता हितक निर्धारण लेल आवश्यक भए सकैत अछि। IBM आ अन्य साइट सभ पर ओहन तकनीक प्रदान करबा में आ ओकर उपयोग में सहायता लेल हमसभ विज्ञापन साझीदार सभक उपयोग करैत छी।

आओर जानू

कूकीज डेटाक एकटा टुकड़ा होइत अछि जे कोनो वेबसाइट अहाँक ब्राउजर में पठा सकैत अछि, जे अहाँक कम्प्यूटर मे भंडारित भए सकैत अछि आ अहाँक कम्प्यूटरक पहिचान मे उपयोग कयल जा सकैत अछि। वेब बीकन सभ, पिक्सेल आ टैग सभ समेत, ओ तकनीक अछि जकर उपयोग IBM वेब पेज पर भ्रमण कयल कोनो उपयोगकर्ता केँ ट्रैक करबाक लेल वा यदि कोनो वेब पेज अन्य वेबसाइट पर कॉपी कयल गेल अछि त'ओकरा ट्रैक करबाक लेल कयल जाइत अछि। स्थानीय साझा कयल गेल वस्तु सभ भ्रमण कयल गेल वेबपेज पर प्रदर्शित सामग्री जानकारी सभ, आ प्राथमिकता सभ भंडारित कए सकैत अछि। एहि में सँ समस्त तकनीक सभक उपयोग हमर वेबसाइट पर जुड़ल सुविधा सभ प्रदान करबाक लेल वा अहाँक रूचि केर अनुरूप अन्य वेबसाइट सभ पर लक्षित IBM विज्ञापन (अहाँक कूकीज प्राथमिकताक अधीन) प्रदर्शित करबाक लेल कयल जा सकैत अछि। वेब बीकन केँ उपयोग ईमेल संदेश वा संवादपत्र सभ संग अहाँक पारस्परिक संपर्क केँ ट्रैक करबाक लेल सेहो कयल जा सकैत अछि, जेना कि ई तय करब जे संदेश सभ खोलल गेल अछि वा लिंक सभक चयन कयल गेल अछि।

सत्र कुकीज केँ उपयोग एक पेज सँ दोसर पेज पर अहाँक प्रगति केँ ट्रैक करबाक लेल कयल जा सकैत अछि जाहि सँ कि अहाँ सँ ओ जानकारी दुबारा नहि माँगल जाय जे अहाँ वर्तमान सत्रक दरमियान पहिने प्रदान कएने छी, वा ओहन जानकारी जकर कोनो लेन-देन पूर्ण करए मे सक्षम होयबाक लेल जरूरत अछि। जखन वेब ब्राउजर बंद कयल अछि तखन सत्र कुकीज मेटा देल जाइत अछि।

IBM दूवारा जारी लगातार कुकीज़ हर 14 महीना पर समाप्त भ जायत छै. IBM अपन वेबसाइटक पर विक्रेताअक कें द्वारा जारी कुकीज़ कें अनुमति देयत छै. विक्रेता दूवारा जारी कुकीज़ कें लेल, लगातार कुकीज़ रिटेन अवधि विक्रेता कें गोपनीयता नीति कें तहत आबै छै.

ऑनलाइन ट्रैक करबाक तकनीक जकर हमसभ उपयोग करैत छी ओहि केर विषय में आओर जानबाक लेल आ जानकारी, जे हमसभ अपन वेबसाइट सभ पर अहाँक विषय मे एकत्र करैत छी, ओहि संबंध मे समीक्षा करबाक लेल वा अपन प्राथमिकता सभ सेट करबाक लेल अहाँ IBM कुकी प्रबंधक केर उपयोग कए सकैत छी। जखन अहाँ पहिल बेर कोनो वेबपेज पर जाइत छी तखन IBM कुकी प्रबंधक या तँ एकटा अधिसूचना विंडो केँ रूप मे प्रस्तुत कयल जाइत अछि वा वेबसाइट फूटर मे **कुकी प्राथमिकता सभक** चयन द्वारा खोलल जाइत अछि। IBM कुकी प्रबंधक सभ प्रकारक ट्रैकिंग तकनीक सभ केँ संबोधित नहि करैत अछि (उदाहरणार्थ , ईमेल पिक्सेल सभ)। जखन मोबाइल एप सभक उपयोग कए रहल छी, तखन सेटिंग सभक प्रबंधन करबाक लेल अपन मोबाइल उपकरण पर विकल्प सभक उपयोग करू।

IBM कुकीज कैँ अवरुद्ध करब, अक्षम करब वा अस्वीकार करब सेवा सभक ठीक सँ काज नहि करबाक कारण बनि सकैत अछि, जेना कि एकटा शॉपिंग कार्ट केर संबंध मे, वा वेबसाइट सभक उपयोग वा IBM Cloud सेवा कैँ बंद करब जाहि मे अहाँ कैँ साइन इन करबाक जरूरत होयत। कुकीज कैँ अक्षम करब अन्य ऑनलाइन ट्रैकिंग तकनीक सभ कैँ अक्षम नहि करैत अछि, मुदा अन्य तकनीक सभ कैँ,कुकीज मे भंडारित कोनो विवरण सभक पहुँच प्राप्त करबा सँ रोकैत अछि।

हमरासभक वेबसाइट स तेसर-पक्षक सोशल मीडिया विकल्प सभक उपयोग करबाक संभावना प्रदान करैत अछि। यदि अहाँ एहि विकल्प सभक उपयोग कैँ चयन करैत छी, तखन ई तेसर-पक्षक साइट सभ अहाँक विषय में जानकारी लॉग कए सकैत अछि, जेना कि अहाँक IP पता, पहुँच समय आ संदर्भ प्रदान करयवला वेबसाइट केर URL सभ। यदि अहाँ ओहि सोशल मीडिया साइट सभ पर लॉगिन कएने छी, तखन ओ सभ अहाँक प्रोफाइल जानकारीक संग एकत्रित जानकारी कैँ सेहो लिंक कए सकैत छथि। एहि तेसर-पक्षक सेवा सभक गोपनीयता अभ्यास सभ लेल हमसभ कोनो उत्तरदायित्व स्वीकार नहि करैत छी आ आओर अधिक जानकारी लेल अहाँ कैँ हुनका सभक गोपनीयता [illegible]क समीक्षा करबाक लेल प्रोत्साहित करैत छी।

[illegible]षय मे जानकारी लेल आ ब्राउजर सेटिंग सभक उपयोग कए एहि त[illegible]क सभ कैँ कोना हटयबाक अछि, एहि लेले https://www.allaboutcookies.org/ ।

**बच्चा सभ**

जाधरि अन्यथा निर्दिष्ट नहि होअय, हमरासभक वेबसाइट, प्रोडक्ट आ सेवा सभ बच्चा वा नाबालिग सभ द्वारा उपयोग लेल उद्दिष्ट नहि अछि जेना कि हुनकर अधिकार क्षेत्र मे कानून द्वारा निर्दिष्ट अछि।

# व्यक्तिगत जानकारी साझा करब

हमसभ IBM केर वैध व्यावसायिक उद्देश्य सभ लेल आपूर्तिकर्ता, सलाहकार वा व्यवसाय साझीदार सभ संग अहाँक व्यक्तिगत जानकारी आंतरिक आ बाह्य रूप सँ साझा कए सकैत छी, आ मात्र जानबाक आवश्यकताक आधार पर। एहि भाग में वर्णन कयल गेल अछि जे हमसभ जानकारी कोना साझा करैत छी आ हमसभ ओहि साझाकरण प्रक्रिया कैँ कोना सुविधाजनक बनबैत छी।

# हमसभ व्यक्तिगत जानकारी कोना साझा करैत छी

हमसभ जखन व्यक्तिगत जानकारी साझा करैत छी, तखन ई सुनिश्चित करबाक लेल जे जानकारी मात्र लागू कानूनक अनुरूप साझा कयल जा सकए हमसभ उपयुक्त जाँच आ नियंत्रण लागू करैत छी।

यदि हमसभ किछु देश मे बेचबाक, खरीदबाक, विलय करबाक, वा अन्यथा व्यवसाय कैँ पुनर्गठित करबाक निर्णय लैत छी, तखन ओहन लेन-देन मे संभावित वा वास्तविक व्यावसायिक खरीदार सभ लेल किछु व्यक्तिगत जानकारीक खुलासा करब शामिल भए सकैत अछि, वा ओहन व्यवसाय विक्रेता सँ व्यक्तिगत जानकारीक संग्रह।

आओर जानू

आंतरिक रूप सँ, व्यक्तिगत जानकारी हमरासभक व्यावसायिक उद्देश्य सभ लेल साझा कयल जाइत अछि: कार्यक्षमता बढाबय लेल, लागत मे बचत लेल आ हमरासभक सहायक कंपनी (जेना कि Red Hat) सभक बीच आंतरिक सहयोग लेल। उदाहरणार्थ , हमसभ व्यक्तिगत जानकारी साझा कए सकैत छी जेना कि अहाँ आ अन्य बाहरी पक्ष सभक संग हमरासभक संबंध केर प्रबंधन , अनुपालन कार्यक्रम सभ, वा सिस्टम आ नेटवर्क सुरक्षा।

व्यक्तिगत जानकारीक हमरासभक आंतरिक पहुँच प्रतिबंधित अछि आ मात्र जानबाक आवश्यकताक आधार पर प्रदान कयल जाइत अछि। एहि जानकारी कैँ साझा करब उचित अंत:-कंपनी व्यवस्था, हमरासभक नीति सभ आ सुरक्षा मानक केर अधीन अछि। आओर अधिक जानकारी लेल, कानूनी आधार देखू।.

बाहरी रूप सँ,

- आपूर्तिकर्ता सभ संग हमरासभक व्यवसाय में हमरासभक तरफ़ सँ जमा, उपयोग, विश्लेषण वा व्यक्तिगत जानकारीक अन्य प्रकारक प्रक्रिया सम्मिलित भए सकैत अछि।
- हमरासभक व्यवसाय मॉडल मे मार्केटिंग, बिक्री आ IBM प्रोडक्ट आ सेवा सभक प्रावधान लेल स्वतंत्र व्यावसायिक साझीदार सभक सहयोग सम्मिलित अछि। जतय उचित होयत (उदाहरणार्थ , जखन कोनो ऑर्डर कैँ पूर्ति लेल आवश्यक होयत), ओतय हमसभ चयनित व्यावसायिक साझीदार सभक संग व्यवसाय संपर्क जानकारी साझा करब।
- हमसभ पेशावर सलाहकार, वकील, ऑडिटर आ बीमा कंपनी सभ संग हुनकर सेवा सभ प्राप्त करबाक लेल व्यक्तिगत जानकारी साझा कए सकैत छी।

  - हमसभ अन्य व्यक्ति सभ संग समझौता केर संबंधक जानकारी साझा कए सकैत छी, उदाहरणार्थ , हमरासभक व्यावसायिक साझीदार, वित्तीय संस्थान, शिपिंग कंपनी, डाक वा सरकारी प्राधिकारी सभ, जेना कि कस्टम प्राधिकारी सभ जे कार्यक पूर्ति मे शामिल छथि।
  - हमसभ तेसर-पक्ष सभक संग व्यक्तिगत जानकारी साझा कए सकैत छी, जेना कि विज्ञापन प्रौद्योगिकी साझीदार सभ, डेटा विश्लेषण प्रदाता सभ आ अपन प्लेटफार्म पर लक्षित IBM विज्ञापन देबाक लेल IBM द्वारा नियुक्त सोशल नेटवर्क सभ, विश्लेषण लेल जानकारी एकत्र करब आ ओहि विज्ञापन सभ संग जुड़ाव कैँ ट्रैक करब।

---

न्यायिक कार्यवाही, कोर्ट आदेश सभ, वा कानूनी प्रक्रिया सभक अनुसार किछु खास परिस्थिति मे, व्यक्तिगत जानकारी सरकारी एजेंसी सभक समक्ष खुलासा केर अधीन भए सकैत अछि। हमसभ IBM वा अन्य केर अधिकारक रक्षा लेल सेहो व्यक्तिगत जानकारी साझा कए सकैत छी जखन IBM कैँ विश्वास होइत अछि जे एहन अधिकार प्रभावित भए सकैत अछि, उदाहरणार्थ धोखाधड़ी रोकबाक लेल।

# अंतर्राष्ट्रीय स्थानान्तरण कैँ सुगम बनायब

अहाँकव्यक्तिगत जानकारी विश्व स्तर पर IBM केर सहायक कंपनी सभ आ तेसर पक्ष सभ कैँ हस्तांतरित कयल जा सकैत अछि वा हुनका सभ तक पहुँचाओल जा सकैत अछि। अहाँक व्यक्तिगत जानकारी सुरक्षित रखबाक लेल, चाहे ओ कतहु होअय IBM देश सभक बीच व्यक्तिगत जानकारीक हस्तांतरण पर कानून सभक अनुपालन करैत अछि।

निम्न सहित हमसभ विभिन्न सुरक्षा उपाय सभक क्रियान्वयन कयलहुँ अछि:

- अनुबंधात्मक धारा, जेना कि जकरा EU आयोग द्वारा अनुमोदित कयल गेल अछि आ कतेको अन्य देश सभ में स्वीकार कयल गेल अछि।
- डेटा गोपनीयता फ्रेमवर्क प्रमाणीकरण। जतय लागू अछि, किछु निर्दिष्ट IBM सेवा सभ (उदाहरणार्थ, IBM सेवाक रूप मे एकटा बुनियादी ढाँचा, सेवाक रूप मे एकटा प्लेटफॉर्म, सेवाक रूप मे एकटा सॉफ्टवेयर आ चयनित अन्य होस्ट कयल गेल प्रस्ताव) डेटा गोपनीयता फ्रेमवर्क केर अनुपालन करबाक लेल प्रमाणित अछि। आओर जानकारी लेल, प्रमाणित IBM Cloud सेवा सभ लेल IBM डेटा गोपनीयता फ्रेमवर्क नीति देखू।
- नियंत्रक सभ लेल बाध्यकारी कॉर्पोरेट नियम (IBM BCR-C)। हमरासभ लग यूरोपीय डेटा संरक्षण प्राधिकरण सभ आ UK सूचना आयुक्तक कार्यालय द्वारा अनुमोदित BCR-C अछि। आओर जानकारी लेल, IBM नियंत्रक बाध्यकारी कॉर्पोरेट नियम सभ देखू।
- IBM केर गोपनीयता प्रथा सभ, एहि गोपनीयताक कथन मे वर्णित, APEC सीमा पार गोपनीयता नियम फ्रेमवर्क कैँ अनुपालन करैत अछि। APEC सीमा पार गोपनीयता नियम(CBPR) प्रणाली व्यक्तिगत जानकारीक सुरक्षा प्रदान करैत अछि जकरा भाग लेबयवला APEC अर्थव्यवस्था सभक बीच स्थानांतरित कयल जाइत अछि किएक तँ ई ibm.com केर माध्यम सँ संग्रहित ऑनलाइन जानकारी सँ संबंधित अछि।

# नियंत्रक आ प्रतिनिधि सूचना

IBM विश्व भरि मे अपन सहायक कंपनी सभक माध्यम सँ कारोबार करैत अछि। किछु देश सभ मे गोपनीयता कानून नियंत्रक कें कानूनी इकाई (वा स्वाभाविक व्यक्ति) मानैत अछि जे ओहि उद्देश्य सभ कें परिभाषित करैत अछि जाहि लेल व्यक्तिगत जानकारीक प्रक्रिया होइत अछि आ कोना ओहि जानकारी पर प्रक्रिया कयल जाइत अछि पार्टी सभ जे एकटा नियंत्रक केर तरफ सँ प्रसंस्करण प्रक्रिया मे शामिल छथि ओ प्रोसेसरक रूप मे नामित कयल जा सकैत छथि। पदनाम आ संबंधित दायित्व अलग-अलग होइत अछि, जे अधिकार क्षेत्रक अनुरूप अछि।

जतय ई अहाँक देश मे गोपनीयता कानून लेल प्रासंगिक अछि, ओतय अहाँक देश वा क्षेत्र मे अहाँक व्यक्तिगत जानकारीक नियंत्रक IBM केर मुख्य सहायक कंपनी अछि, जाधरि International Business Machines Corporation नहि अछि (IBM Corp)। वा IBM केर एकटा अन्य सहायक कंपनी अहाँ संग विशेष बातचीत लेल स्वयं कें नियंत्रक के रूप मे पहिचानैत अछि।

IBM कॉर्पोरेशन या हमर मुख्य गोपनीयता आ जिम्मेदार प्रौद्योगिकी अधिकारी सं संपर्क कयर सकय छी:

International Business Machines Corporation,<br>
1, नॉर्थ कैसल ड्राइव,<br>
आर्मोक,<br>
न्यूयॉर्क,<br>
संयुक्त राज्य अमेरिका

कोनों देश या क्षेत्र कें मुख्य सहायक कंपनी कें संपर्क विवरण एतय।

जतय IBM कॉर्प वा एकर नियंत्रणाधीन एकटा सहायक कंपनी कें एकटा कानूनी प्रतिनिधि नियुक्त करब आवश्यक अछि, निम्न प्रतिनिधि सभ नियुक्त कयल गेल अछि।

यूरोपीय आर्थिक क्षेत्र (EEA)

IBM International Group B.V.,
Johan Huizingalaan 765,
1066 VH Amsterdam,
The Netherlands

United Kingdom (UK)

IBM United Kingdom Limited,
PO Box 41, North Harbour,
Portsmouth,
Hampshire, PO6 3AU,
United Kingdom

# सूचनाक सुरक्षा आ प्रतिधारण

अहाँक व्यक्तिगत जानकारी केँ अनाधिकृत पहुँच, उपयोग आ खुलासा सँ बचाबय लेल, हमसभ उचित भौतिक, प्रशासनिक आ तकनीकी सुरक्षा उपाय लागू करैत छी। पारगमनक दरमियान व्यक्तिगत जानकारी केँ निजी रखबाक लेल एहि सुरक्षा उपाय मे भूमिका-आधारित पहुँच नियंत्रण आ एन्क्रिप्शन सम्मिलित अछि। उचित सुरक्षा उपाय लागू करबाक लेल हमरासभ केँ अपन व्यावसायिक साझीदार , आपूर्तिकर्ता आ तेसर पक्ष सभक सेहो जरूरत होइत अछि, जेना कि जानकारी केँ अनाधिकृत पहुँच, उपयोग आ खुलासा सँ बचाबय लेल अनुबंधक शर्त आ पहुँच प्रतिबंध।

IBM आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस मॉडल आ सिस्टम उपलब्ध करबैत अछि, जाहि मे पैघ भाषा मॉडल (बहुधा LLM कहल जाइत अछि) सभ शामिल अछि। IBM एहन AI मॉडल आ सिस्टम सभक उपयोग IBM.com संपत्ति सभ पर वा एहि मे अंतर्निहित केँ रूप मे कय सकैत अछि, जाहि मे चैटबोट सभक माध्यम सेहो शामिल अछि। IBM एहन AI मॉडल आ सिस्टम सभ केँ अलग शर्त सभक तहत सेहो उपलब्ध करा सकैत अछि।

IBM केंं AI मॉडल आ सिस्टम सभ सार्वजनिक रूप सँ उपलब्ध स्रोत सभ सँ प्राप्त डेटा पर डिजाइन, प्रशिक्षित, पुष्ट आ परीक्षित कयल अछि जाहि मे संयोगवश व्यक्तिगत जानकारी सभ शामिल भए सकैत

अछि। हमसभ संबंधित प्रभाव सभ कैं कम करबाक लेल आ भरोसेमंद AI कैं जिम्मेदार विकास आ तैनाती कैं संबोधित करबा मे सहायता लेल सुरक्षा उपाय, प्रक्रिया आ टूल सभ लागू कयल अछि।

हमसभ मात्र व्यक्तिगत जानकारी कैं जावत धरि ई उद्देश्य सभक पूर्ति जाहि लेल एकर प्रक्रिया कयल जाइत अछि तदर्थ आवश्यक अछि वा कानूनी आ नियामक अवधारण आवश्यकता सभक अनुपालन लेल आवश्यक अछि ताधरि एकरा सुरक्षित रखैत छी। निम्न उद्देश्य सभ लेल कानूनी आ नियामक प्रतिधारण आवश्यकता सभ मे प्रतिधारण जानकारी सम्मिलित भए सकैत अछि:

– ऑडिट आ लेखांकन उद्देश्य सभ,
– वैधानिक प्रतिधारण शर्त सभ,
– विवाद सभक निपटारा,
– आ जतय हमसभ व्यवसाय करैत छी ओहि देश सभ मे कानूनी दावा सभक स्थापना, अभ्यास वा बचाव।

हमसभ कोनो अनुबंधात्मक संबंध जानकारी कैं प्रशासनिक उद्देश्य सभ, कानूनी आ विनियामक प्रतिधारण आवश्यकता सभ, IBM अधिकार सभक बचाव आ अहाँ संग IBM कैं संबंधक प्रबंधन लेल बचाकय राखैत छी। जानकारी जे एकटा पूरक गोपनीयता सूचना मे प्रदान कयल जाइत अछि ओ लागू प्रतिधारण शर्त सभ पर अधिक विस्तृत जानकारी प्रदान कए सकैत अछि।

जखन व्यक्तिगत जानकारीक आगू आवश्यकता नहि रहैत अछि, तखन एकरा सुरक्षित रूप सँ हटाबय लेल हमरासभ लग प्रक्रिया सभ मौजूद अछि, उदाहरणार्थ इलेक्ट्रॉनिक फाइल सभ कैं मेटा कए आ भौतिक रिकॉर्ड सभ कैं टुकड़ा-टुकड़ा कए ।

---

# अहाँक अधिकार सभ

जखन व्यक्तिगत जानकारी कैं सम्हारिकय रखबाक बात अबैत अछि तखन अहाँ लग किछु अधिकार अछि।

हमरासभ सँ संपर्क करू फॉर्म कैं उपयोग निम्नलिखित लेल कएल जा सकैत अछि:

– एहि गोपनीयताक कथन आ गोपनीयता अभ्यास सभ सँ संबंधित प्रश्न सभ पुछू। अहाँक संदेश IBM कैं डेटा गोपनीयता टीमक उपयुक्त सदस्य कैं अग्रसारित कयल गेल अछि, उत्तरदायी डेटा संरक्षण अधिकारी सभ समेत।

– IBM अहाँक व्यक्तिगत जानकारी पर कोना प्रक्रिया करैत अछि यदि अहाँ एहि सँ संतुष्ट नहि छी तखन IBM समक्ष एकटा शिकायत दर्ज करू।

परिचय
व्यक्तिगत जानकारीक हमसभ संग्रह आ उपयोग करैत छी
व्यक्तिगत जानकारी साझा करब
नियंत्रक आ प्रतिनिधि सूचना
सूचनाक सुरक्षा आ प्रतिधारण

[डेटा अधिकार अनुरोध फॉर्म जमा करू]कें उपयोग निम्नलिखित लेल कएल जा सकैत अछि:

अहाँक अधिकार सभ
कानूनी आधार
गोपनीयताक कथन अपडेट सभ

– व्यक्तिगत जानकारी मे पहुँच केर अनुरोध जे हमरा लग अहाँ पर अछि, वा की एकरा अद्यतन वा ठीक कयल गेल अछि। लागू कानून पर निर्भर करैत अछि, अहाँक व्यक्तिगत जानकारीक विषय मे अहाँ लग अतिरिक्त अधिकार सभ भए सकैत अछि।;
– अनुरोध प्रयोग करबा योग्य प्रारूप मे अहाँक व्यक्तिगत जानकारी प्राप्त करबाक लेल आ एकरा कोनो अन्य पार्टी कें प्रेषित करू (एकरा डेटा पोर्टेबिलिटी अधिकारक रूप मे सेहो जानल जाइत अछि);
– व्यक्तिगत जानकारी जे हम अहाँक विषय मे रखैत छी ओकरा मेटाबय लेल अनुरोध;
– विशिष्ट व्यक्तिगत जानकारी प्रक्रिया प्रकार सभ सँ बाहर जयबाक विकल्प चुनू, जेना कि लक्षित विज्ञापन

---

डेटा अधिकार अनुरोध विवरण सभ

जखन अहाँ एकटा डेटा अधिकार (DR) अनुरोध दर्ज करैत छी, अहाँ हमरासभ कें व्यक्तिगत जानकारी प्रदान करैत छी, अहाँक नाम आ संपर्क विवरण सभ समेत, अहाँक अनुरोधक जवाब देबा लेल जकर हमसभ उपयोग करैत छी। किछु खास परिस्थिति मे, अहाँक पहिचान सत्यापित करबाक लेल आ ई सुनिश्चित करबाक लेल जे हमसभ व्यक्तिगत जानकारीक खुलासा सही व्यक्ति सँ करैत छी, हमसभ अहाँक फोटो आईडी कें एकटा प्रति लेल सेहो अनुरोध कए सकैत छी, जेकरा अहाँक पहिचान सत्यापित कयलाक बाद तुरंत मेटा देल जाइत अछि।

अहाँक DR अनुरोध पर, अहाँक DR अनुरोध कें सम्हारि कए रखबाक आ ओकर पूर्ति करबाक लेल अहाँक व्यक्तिगत जानकारीक प्रक्रिया कयल जाइत अछि, DR सभ सँ संबंधित IBM केर कानूनी दायित्व आ प्रतिबद्धताक क्रम मे।

अहां अनुरोध पूरा हुअ कें बाद 90 दिनक कें लेल [IBM ट्रस्ट सेंटर] मे DR वेबफॉर्म कें उपयोग करयत अनुरोधक कें स्थिति कें सत्यापन कयर सकय छी जे अहां जमा करय छी। अहाँक DR अनुरोध लेल प्रासंगिक डेटा अहाँक अंतिम DR-संबंधित IBM सँ संवादक तिथि सँ न्यूनतम तीन वर्ष तक राखल जाइत अछि, एहि संबंध मे अहाँक कोनो अनुरोधक समाधान करबाक लेल आ IBM केर अनुपालन आ रिकॉर्डिंग उद्देश्य लेल।

हमसभ अहाँक डेटा पर कोना प्रक्रिया करैत छी एहि विषय मे आओर जानकारी लेल, [व्यक्तिगत जानकारी जकर हमसभ संग्रहण आ उपयोग करैत छी], देखू।.

---

लागू कानूनक परिणामस्वरूप अहाँक अधिकार सीमा मे आ अपवाद सभक अधीन भए सकैत अछि। उदाहरणार्थ, एहन स्थिति भए सकैत अछि जतय हमसभ किछु खास जानकारी जे अहाँ खोजैत छी ओ साझा नहि कए सकैत छी यदि एकर खुलासा करबाक मतलब अछि अन्य व्यक्तिक विषय मे जानकारीक खुलासा करब।

अहाँके सक्षम पर्यवेक्षी प्राधिकारी लग शिकायत करबाक अधिकार सेहो भए सकैत अछि। अतिरिक्त अधिकार सभक विषय मे जानकारी, जखन ओ लागू होइत अछि, आ सक्षम पर्यवेक्षी प्राधिकारी लग शिकायत दर्ज करबाक अधिकार एतय

यदि अहाँके कोनो अनसुलझल गोपनीयता वा डेटा उपयोग संबंधी चिंता अछि जकरा हमसभ संतोषजनक ढंग सँ संबोधित नहि कयलहुँ अछि, तखन कृपाकए हमरासभक यू.एस.-आधारित तृतीय-पक्ष विवाद समाधान प्रदाता सँ (निःशुल्क) एतय

अपन मार्केटिंग संवादक प्राथमिकता सभ कैँ सेट वा अपडेट करबाक लेल, IBM Privacy Preference Centerपर जाउ। अहाँ एकटाबहिर्गमन-विकल्पक अनुरोध, सेहो प्रस्तुत कए सकैत छी वा प्रत्येक मार्केटिंग ईमेल कैँ नीचा **सावधिक ग्राहकी हटयबाक** चयन कए सकैत छी।

# कानूनी आधार

किछु न्यायक्षेत्र मे, व्यक्तिगत जानकारीक वैध संचालन औचित्यक अधीन अछि, कखनो-कखनो एकरा कानूनी आधार सेहो कहल जाइत अछि। अहाँक व्यक्तिगत जानकारी कैँ कानूनी निपटारा लेल कानूनी आधार जाहि पर हमसभ भरोसा करैत छी ओ उद्देश्य आ लागू कानून कैँ आधार पर भिन्न होइत अछि।

अलग-अलग कानूनी आधार जकर हमसभ उपयोग कए सकैत छी ओ निम्न सभ अछि:

### अहाँ संग एकटा अनुबंधक निष्पादन लेल आवश्यक

जखन हमरासभ कैँ किछु व्यक्तिगत जानकारीक प्रक्रिया करबाक जरूरत होइत अछि तखन हमसभ एहि कानूनी आधार पर भरोसा करैत छी, जेना कि अहाँक संपर्क विवरण, भुगतान विवरण आ शिपिंग विवरण सभ, अपन दायित्व कैँ पूरा करबाक लेल वा अहाँक संग हमरासभक अनुबंधात्मक सम्बन्ध कैँ प्रबंधित करबाक लेल।

उदाहरण सभ अछि:

- यदि अहाँ कोनो प्रोडक्ट वा सेवा खरीदबाक इच्छा रखैत छी, तखन अहाँ संग एकटा अनुबंध करबाक लेल हमरासभ कैँ अहाँक व्यवसाय संपर्क जानकारीक जरूरत होइत अछि वा कीनल प्रोडक्ट कैँ ऑनलाइन

देखबाक लेल (अपन प्रोफाइलदेखू) अहाँ कें एकटा IBMid बनयबाक जरूरत भए सकैत अछि।
- कोनो संपर्क कें पूरा करैत काल, अहाँके सहायता सेवा सभ प्राप्त करबाक जरूरत भए सकैत अछि, जाहि लेल हमरासभ कें अहाँक संपर्क जानकारी एकत्र करबाक जरूरत होयत।
- हमरासभ कें नौकरी आवेदक सभ पर विचार करबाक लेल व्यक्तिगत जानकारीक जरूरत होयत वा सेवानिवृत्त व्यक्ति सभक पेंशन पात्रता केर प्रबंधन करबा लेल (देखू नियुक्ति आ पूर्व कर्मचारी सभ)।

IBM केर उद्देश्य सभ लेल आवश्यक वा कोनो तेसर पक्षक वैध हित

वैध हित व्यवसायक संचालन आ व्यवस्थित करबा में सक्षम होयबा सँ संबंधित अछि, जाहि मे हमरासभक प्रस्ताव सभक मार्केटिंग, हमरासभक कानूनी हितक रक्षा, हमरासभक IT वातावरण कें सुरक्षित करब, वा ग्राहक सभक आवश्यकताक पूर्ति करब शामिल अछि।
उदाहरण सभ अछि:

- हमसभ अहाँ द्वारा वेबसाइट कें उपयोग आ हमरासभक वेबसाइट संग पारस्परिक संपर्क कें कैप्चर करैत छी, ओकरा सभ मे सुधार करए लेल।
- हमरासभक सेवा सभक पहुँच अधिकार प्रबंधित करबाक लेल हमसभ अहाँक IBMid प्रोसेस करैत छी (देखू अपन खाता) पर प्रक्रिया करैत छी।
- जतय अहाँ जाहि संगठन लेल काज करैत छी ओहि संग हमरासभक अनुबंधात्मक सम्बन्ध अछि, एहि अनुबंध कें प्रबंधित करए मे उपयोग कयल गेल अहाँक व्यक्तिगत जानकारी पर प्रक्रिया करबा मे हमरासभक वैध हित अछि।
- अहाँ संग अपन बातचीत कें अनुकूल करबाक लेल आ अपन प्रोडक्ट आ सेवा सभक प्रोत्साहन लेल हमसभ अन्य व्यवसाय-प्रासंगिक जानकारीक संग सम्मिलन मे अहाँक व्यवसाय संपर्क जानकारी पर प्रक्रिया करैत छी (देखू अपन खाता) । हमसभ अहाँक संपर्क जानकारी पर एकटा IBM आयोजन जाहि मे अहाँ मार्केटिंग आ व्यापार इंटेलीजेंस विकसित करबा मे भाग लेने छलहुँ ओकर विस्तृत विवरण संग एक संग सम्मिलित प्रक्रिया कए सकैत छी।
- उपयुक्त प्रतिभा प्राप्त करबाक लेल अपन वैध हित कें आधार पर हमसभ आवेदक कें व्यक्तिगत जानकारी पर प्रक्रिया करैत छी (देखू नियुक्ति आ पूर्व कर्मचारी सभ)।
- हमरासभ कें अपन सामान्य व्यवसाय संचालन कें चालू रखबाक अछि। एहि तरफ सँ हमसभ, उदाहरणार्थ , अपन IT सिस्टम आ नेटवर्क कें लॉगिन जानकारी, वा सुरक्षा आ रक्षा उद्देश्य सभ लेल IBM लोकेशन सभ पर CCTV फूटेज कें प्रक्रिया कए सकैत छी।

न्यायिक, प्रशासनिक, वा मध्यस्थ कार्यवाही सभ मे अपन अधिकारक रक्षा करबाक लेल जतय ई आवश्यक अछि हमसभ व्यक्तिगत जानकारीक सेहो

प्रक्रिया कए सकैत छी। ओहि देश सभ में सेहो ई वैध हितक कानूनी आधार केँ अंतर्गत अबैत अछि जतय ओ एकटा अलग कानूनी आधार नहि अछि।

क्रेडिट सुरक्षा लेल हमसभ व्यक्तिगत जानकारी पर प्रक्रिया करैत छी, जे ब्राजीलियाई कानून (LGPD) केर तहत एकटा विशिष्ट कानूनी आधार अछि मुदा अन्य देश सभ मे सेहो वैध हितक कानूनी आधार केर अंतर्गत कवर कयल जाइत अछि।

सहमति

जतय हमसभ एकर अनुरोध करैत छी ओतय प्रक्रिया अहाँक सहमति पर आधारित होइत अछि। उदाहरण:

– कूकीज एंड सिमिलर टेक्नोलोजीज केँ वैकल्पिक उपयोग वा मार्केटिंग सामग्री सभक ईमेल।

कानूनी दायित्व

जतय अपन कानूनी दायित्वक आधार पर हमरासभ केँ किछु निश्चित व्यक्तिगत जानकारीक प्रक्रिया करबाक जरूरत होइत अछि । उदाहरण:

– किछु लेन-देन लेल सरकार द्वारा जारी ID माँगबाक लेल हमसभ बाध्य भए सकैत छी, जेना कि कोनो वित्तीय लेनदेन लेल (देखू अनुबंधात्मक संबंध)।

# गोपनीयताक कथन अपडेट सभ

यदि एहि गोपनीयता कथन मे कोनो भौतिक परिवर्तन कयल जाइत अछि, प्रभावी तिथि संशोधित कयल जाइत अछि, आ अपडेट कयल गेल गोपनीयताक कथन पर 30 दिन लेल एकटा नोटिस पोस्ट कयल जाइत अछि। संशोधन प्रभावी भेलाक बाद हमरासभक वेबसाइट आ सेवा सभक उपयोग जारी रखला पर, ई मानल जाइत अछि जे उपयोगकर्ता सभ परिवर्तन केँ पढि लेने छथि आ समझि लेने छथि।

गोपनीयताक कथन केर पछिला संस्करण एतयउपलब्ध अछि।

**एहि रिलीज में अनुभाग अपडेट कयल गेल अछि:**

1. Your Additional Rights: Brazil
2. Your Additional Rights: Israel
3. Your Additional Rights: US States

हम अपन पूरा प्रयास केलहुं अछि जे IBM गोपनीयता कथन कए एहि भाषा मे सही ढंग स अनुवाद कैल जाए। कोनो अनुवाद संबंधी समस्याक रिपोर्ट करबाक लेल, एहि पेजक हेडर मे हमरासभ सँ संपर्क करू कैँ चयन करू।

## अन्य लिंक सभ

- अहाँक अतिरिक्त अधिकार सभ →
- डेटा अधिकार अनुरोध फॉर्म जमा करू →
- कैलिफोर्निया पूरक गोपनीयताक कथन →
- प्रमाणित IBM Cloud सेवा सभ लेल IBM डेटा गोपनीयताक फ्रेमवर्क नीति →
- IBM नियंत्रक लेल बाध्यकारी कॉर्पोरेट नियम सभ →
- IBM भरोसा केंद्र →

TRUSTe Certified Privacy Powered by TrustArc

TRUSTe APEC Privacy Powered by TrustArc